

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan bisa dicindekkeun. Yén kecap sipat nya éta warna kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina. Dina kecap sipat aya léksiko-semantis, nya eta kecap sipat boga harti léksikal jeung harti inheren. Aya tilu hal nu perlu dicindekkeun, nya éta: 1) kecap sipat anu aya dina novél *Pipisahan* karangan R.A.F, 2) ma'na leksikal dumasar harti kamus, jeung 3) bahan pangajaran kecap sipat.

- a) Kecap sipat asal kapanggih aya 107 kecap, anu frékuénsi makéna 369 kali (100%), wanda kecap sipat kapanggih aya tujuh, nya éta: (1) wanda kecap sipat dumasar warna aya genep kecap, anu frékuénsi makéna 17 kali (4,59%), (2) wanda kecap sipat dumasar wangun aya genep kecap, anu frékuénsi makéna 14 kali (3,78%), (3) wanda kecap sipat dumasar watek aya opat kecap, anu frékuénsi makéna tujuh kali (1,89%), (4) wanda kecap sipat dumasar persépsi aya 10 kecap, anu frékuénsi makéna 16 kali (4,59%), (5) warda kecap sipat dumasar rasa aya 15 kecap, anu frékuénsi makéna 33 kali (8,91%), (6) warna kecap sipat dumasar ukuran aya 30 kecap, anu

frékuénsi makéna 189 kali (59,21%), jeung kecap sipat dumasar klasifikatoris ngan kapanggih sakecap nya éta kecap karamat.

- b) Ma'na léksikal sakabéh kecap sipat dihartikeun dumasar harti kamus.
- c) Kecap sipat téh teu jadi materi poko husus dina SKKD. Ari sababna KD dina SKKD mah nyoko kana kaparigelan basa anu giat, nya éta: ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tapi, bahan ajar kecap sipat bisa dipaké pikeun bahan pangajaran nempatkeunana aya dina indikator nu patali jeung salah sahiji aspék kaparigelan basa, umpamana waé, maca. Palebah dieu, kecap sipat jadi bahan panglengkep kana bahan ajar maca, biasana sabada “babaran kecap”, minangka “kaweruh basa”. Hal ieu ébréh saperti nu dipidangkeun dina bahan ajar SMA kelas XI.

5.2 Saran

Saréngséna ngayakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

- a) Ieu panalungtikan téh ngan saukur nganalisis kecap sipat tina novél *Pipisahan* karangan R.A.F. Pikeun analisis saterusna dipiharep aya deui anu ngayakeun panalungtikan kecap sipat dina widang karya sastra anu lianna, boh wangun lisan boh wangun tinulis.

- b) Ieu panalungtikan téh kakara medar kecap sipat, wanda kecap sipat, harti kecap sipat, katut bahan pangajaranna pikeun siswa SMA. Ku kituna, pikeun kamekaran dina widang basa dipiharep aya deui anu ngayakeun panalungtikan kecap sipat tina aspek anu leuwih lega. Terus, diujicobakeun ka siswa, nepika katingali legana bahan pangajaran sarta tingkat kamampuh siswa.

